

Sivivan siklòn Laura ak Delta kap viv nan Inite Lojman FEMA yo jwenn ekstansyon jiska 31 Oktòb pou sekirize Lojman Pèmanan

Release Date: Janvye 25, 2022

BATON ROUGE, La. – Sou demann eta a, FEMA aktyèlman ap bay apeprè 1,946 kay ki se sivivan siklòn Laura ak Delta avèk tan sipleman pou rete nan yon lojman ke ajans lan bay pandan yap konplete etap final nan rekipasyon yo. Fen inisyal pou pwogram lan te pwograme pou 28 Fevriye.

Ekstansyon pwogram lojman tanporè a ka pèmèt okipasyon yo konplete plan lojman yo jiska 31 Oktòb. Nan kad ekstansyon an ak yon akò avèk eta, apati 1ye Mas, okipasyon yo pral kòmanse chaje yon lwaye pa mwa ki gen rapò avèk revni ki kapab enferyè avèk to mache a pou pwopriyete konparab yo. Otorite FEMA yo ankouraje okipasyon yo pou konplete oswa swiv nenpòt demann pou rediksyon lwaye nan dènye delè 28 Fevriye, dènye delè pou fè redwi estimasyon lwaye ekitab sou mache inite lojman an.

Pwogram elijiblite FEMA ak kontinyasyon okipasyon detèmine chak mwa pou mèt kay yo ak sou yon baz chak de semèn pou lokatè yo. Pou rete elijib, okipasyon yo dwe montre ke yap kontinye fè pwogrès sou plan lojman pèmanan yo.

Nan mitan pwogram lan, te gen 2,400 kay elijib ki te gen lisans nan kay mobil FEMA bay, yo te plase nan 12 pawas. Prèske 75% rete nan inite lojman FEMA yo.

Patnè lokal, eta ak federal yo ap ogmante efò yo anvan nouvo dat limit la pou ede sivivan Laura ak Delta ki elijib yo antre nan kay yo repare oswa nouvo kay pèmanan yo.

FEMA ak ekip konjwen Resètifikasyon lojman Eta ap kontinye rankontre regilyèman ak okipasyon yo pou sipòte travay di li mande pou retounen nan lojman



FEMA

Page 1 of 2

pèmanan. Ekip yo regilyèman gide okipan yo nan resous ki disponib epi ba yo konsèy sou egzijans pwogram nan ak dat limit yo.

Ofisyèl rekipasyon yo note ke plizyè kominote Lwizyana yo te pase egzansyon dekoupaj an zòn tanporè pou pèmèt kay mobil FEMA sou pwopriyete prive oswa nan zòn espesyal ki gen danje nan plenn inondasyon. Gen kèk egzansyon yo te fikse pou ekspire nan dat fen orijinal 28 fevriye.



FEMA

Page 2 of 2